

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis, jeung pedaran kamampuh ngalarapkeun babasan siswa kelas VII-E SMP Pasundan 4 Bandung taun ajaran 2014/2015 anu aya dina bab IV, hasil tina ieu panalungtikan bisa dicindekkeun sababaraha hal ieu di handap:

- 1) Kamampuh ngalarapkeun babasan siswa kelas X VII-E SMP Pasundan 4 Bandung taun ajaran 2014/2015 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing* kawilang can mampuh, rata-rata peunteunna nya éta 57,56 tina KKM 75. Ditilik tina unggal aspék anu diujikeunna, siswa can mampuh dina milih babasan luyu jeung kalimah jeung ngajodokeun babasan luyu jeung kalimah.
- 2) Kamampuh ngalarapkeun babasan siswa kelas VII-E SMP Pasundan 4 Bandung taun ajaran 2014/2015 sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing* kawilang can mampuh. Ieu hal katitén tina hasil rata-rata peunteun pascaténs siswa sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing* nya éta 68,46 tina KKM 75. Dumasar kana hasil kamampuh awal jeung kamampuh ahir, yén kamampuh ngalarapkeun babasan siswa kelas VII-E SMP Pasundan 4 Bandung taun ajaran 2014/2015 ngaronjat tina rata-rata peunteun 57,56 jadi 68,46.
- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh ngalarapkeun babasan saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing*. Hasil tina uji hipotésis nya éta yén  $t_{itung} > t_{tabel}$  nya éta  $3,65 > 2,46$ , hartina hipotésis alternatif ( $H_a$ ) ditarima sarta hipotésis nol ( $H_o$ ) ditolak. Jadi, modél pangajaran *Snowball Throwing* bisa ngaronjatkeun kamampuh ngalarapkeun babasan siswa VII-E SMP Pasundan 4 Bandung taun ajaran 2014/2015.

#### 5.2 Implikasi

Modél pangajaran *Snowball Throwing* dilarapkeun dina pangajaran babasan pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngalarapkeun babasan siswa. Dilarapkeunana ieu modél meunang pangrojong jeung aprésiasi anu hadé boh ti siswa boh ti guru. Ieu hal bisa ditarima sacara *positif* dina pangajaran di sakola ku sabab prak-prakan dina ngalarapkeun modél pangajaran *Snowball Throwing* kawilang leuwih ngirut jeung matak pikaresepeun. Ayana modél *Snowball Throwing* jadi salah sahiji alesan pikeun siswa numuwuhkeun kaparigelanana dina pangajaran babasan. Ieu modél téh ngadumaniskeun “diajar bari ulin”, anu pasti siswa bakal leuwih gampang dina maham matéri, henteu matak bosen, ogé nimbulkeun karep anu hadé dina pangajaran ngalarapkeun babasan.

### 5.3 Rekomendasi

Sanggeus dilaksanakeunana panalungtikan modél pangajaran *Snowball Throwing* pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngalarapkeun babasan siswa kelas VII-E SMP Pasundan 4 Bandung taun ajaran 2014/2015, aya sawatara rékoméndasi ieu di handap.

- 1) Modél pangajaran *Snowball Throwing* bisa ngaronjatkeun kamampuh ngalarapkeun babasan. Ku kituna, ieu modél téh bisa dijadikeun salah sahiji *alternatif* pikeun guru dina pangajaran di kelas, hususna pangajaran ngalarapkeun babasan;
- 2) Ku lantaran ieu panalungtikan ngagunakeun kuasi ékspérimén, perlu diayakeun deui panalungtikan dina ékspérimén murni sangkan meunang ambahan anu leuwih lega. Leuwih ti éta dipiharep ieu modél pangajaran bisa dilaksankeun dina métode panalungtikan nu séjén, contona Penilaian Tindakan Kelas;
- 3) Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa leuwih asak jeung neuleuman leuwih jero deui dina ngararancang modél pangajaran *Snowball Throwing*;
- 4) Ayakeun modél-modél pangajaran séjénna nalika di kelas, hususna pikeun ngaronjatkeun kamampuh babasan siswa di SMP;
- 5) Guru kudu ngawasa konsép pangajaran pangajaran *Snowball Throwing* saméméh perlakuan di kelas. Sabab, nalika dilaksanakeunna ieu modél, suasana kelas bakal ramé, siswa bakal hésé dikontrol upama guru teu ngawasa pisan. Dipiharep kudu leuwih bisa ngontrol kelas.

